

APRANN KONNEN NOU

Biwo pou Dwa Sivil yo (Office for Civil Rights, OCR) nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) pwoteje dwa ou yo kont diskriminasyon epi asire enfòmasyon medikal ou yo prive, sekirize epi aksesib.


OCR responsab pou l ranfòse dwa sou lwa sivil yo ki aplike ak founisè swen sante ak sèvis sosyal ki resevwa lajan oswa lòt asistans nan men HHS. Lwa sa yo anpeche diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap oswa laj. Kèk lwa gendwa pwoteje ou tou kont diskriminasyon sou baz idantite seksyèl oswa relijyon. OCR ranfòse tou lwa ki pwoteje vi prive ak sekirite enfòmasyon medikal ou yo. Lwa sa yo ba ou dwa sou enfòmasyon medikal ou yo, ansanm ak dwa pou jwenn yon kopi enfòmasyon ou yo, fè yo pote koreksyon sou enfòmasyon medikal ou yo pou asire presizyon, epi jwenn yon rapò sou kilè ak poukisa yo te pataje enfòmasyon medikal ou yo pou sèten objektif.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon detaye sou lwa ki anpeche diskriminasyon yo epi ki pwoteje enfòmasyon medikal ou yo sou sit entènèt nou an: www.hhs.gov/ocr.

BIWO NOU YO

OCR gen 10 biwo rejyonal nan tout peyi an, e chak biwo rejyonal kouvri eta ak teritwa ki espesifik. Ou ka kontakte biwo rejyonal ou an lè ou rele OCR gratis nan **1-800-368-1019**.

BIWO REJYONAL



KATYE JENERAL

U.S. Department of Health and Human Services
Office for Civil Rights
200 Independence Avenue, S.W.
Room 515F HHH Building
Washington, DC 20201

POU APRANN PLIS

Rele nou gratis nan: **1-800-368-1019**

TDD: **1-800-537-7697**

Ekri nou imèl: ocrmail@hhs.gov

Nou founi asistans pou lengwistik pou dosye OCR. Gen sèvis disponib pou moun ki gen enkapasite.

www.hhs.gov/ocr



**OFFICE
FOR
CIVIL
RIGHTS**

**PWOTEJE DWA SIVIL AK
KONFIDANSYALITE
ENFÒMASYON SOU SANTE YO**



KIYÈS NOU BAY SOUTYEN

Moun

OCR pwoteje dwa moun ki ap chèche sèvis sante ak sosyal nan ranfòse yon kantite lwa sou dwa sivil ak konfidansyalite enfòmasyon medikal yo.

Founisè Sèvis

Atravè asistans teknik, kominikasyon, ak pwogram ranfòsman, OCR travay ak antite pou asire yo konfòme yo ak lalwa epi konprann byen klè egzijans jiridik yo nan kad lalwa.

KIJAN NOU TRAVAY

Plent ak Ankèt

Si ou kwè yon antite te vyole dwa (oswa pa yon lòt moun) sou konfidansyalite enfòmasyon medikal yo oswa te diskrimine ou, ou gendwa depoze yon plent ak OCR. Nou analize plent pou dwa sivil ak vi prive yo pou jwenn si gen diskriminasyon oswa yon vyolasyon dwa sou vi prive yo epi egzije aksyon pou korije pwoblèm yo.

Kominikasyon ak Edikasyon

OCR ede òganizasyon sante ak sèvis sosyal yo konprann lwa sou dwa sivil ak sou vi prive yo dwe suiv yo. Nou edike kominote yo tou sou dwa sivil ak dwa sou vi prive yo.

KIJAN NOU EDE

Nou ka ede ou konprann dwa sivil ak dwa sou vi prive ou yo. Nou isi an pou ede si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon. Nou pral ankete plent ou an epi egzije aksyon pou korije pwoblèm yo.

Èske Ou Konnen...

- Èske aksè ak dosye medikal ou se youn nan dwa ou yo?
- Ou gen dwa pou bay pèmasyon ou anvan yo ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou sèten objektif, tankou pou pwomosyon?
- Si ou soud, mal pou ou tande oswa ou gen sousi pou pale ak/oswa konprann kreyòl, asistans nan kominikasyon souvan obligatwa - gratis?
- Li ilegal pou diskrimine moun sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks ak nan kèk ka relijyon?
- Plizyè milyon famasi, konpayi asirans sante, lopital, klinik sante ak fwaye retrèt dwe suiv règleman Federal sou vi prive yo?

Pran enfòmasyon. Aprann plis sou non-diskriminasyon ak konfidansyalite enfòmasyon medikal yo.



KIYÈS KI DWE SUIV LALWA

Founisè yo ak òganizasyon swen sante ki dwe suiv lwa sou dwa sivil ak konfidansyalite enfòmasyon medikal yo gendwa gen ladan yo:

- Kabinè doktè ak famasi
- Ajans Medicaid ak Medicare
- Lopital, klinik sante ak fwaye retrèt

Anplis antite ki note anwo yo, pwogram sa yo gendwa blije pou konfòme yo ak lwa sou dwa sivil tou:

- Sant gadri ak pwogram pou sante pou timoun
- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite yo (Pwogram TANF yo)

KIJAN POU KONTAKTE NOU

Ou ka rele OCR gratis nan **1-800-368-1019** epi jwenn enstriksyon sou kijan pou depoze yon plent sou sit entènèt OCR lan epi jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte biwo rejyonal ou an.

